№ 01-12/05-44
26.01.2026-ж.

«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»
Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы

_____ А.Орынбаев
«__26__» ___Январь___ 2026-жыл

Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң 2026-жылы раўажландырыў бойынша әмелге асырылатуғын илажлардың
ЖОЛ КАРТАСЫ

№	Әмелге асырылатуғын илажлар	Илажларды әмелге асырыў механизми	Қаржы дереги	Орынлаў мүддети	Жуўапкерлер
I. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўын санластырыў ҳәм инновацияны енгизиў, инвестиция киргизиў ҳәм грантларды тартыў илажлары					
1. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўына инвестицияларды тартыў					
1.	Азербайжан Республикасы исбилерменлери қаржылары есабынан 5 млн. доллар инвестиция жойбарын алып кириў.	1. Қурылыс жумыслары алып барылатуғын аймақларды белгилеп алыў ҳәм жер орынларын ажыратыў бойынша тийисли жумыслар алып барыў; 2. Ажыратылған жер орынлары шеңберинде жойбар-смета ҳүжжетлерин ислеп шығыў; 3. Азербайжан Республикасы инвесторлары менен биргеликте келисимге қол қойыў; 4. Келисим шәртлери тийкарында қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў ҳәм пайдаланыўға тапсырыў.	Азербайжан Республикасы исбилерменлери инвестиция ҳәм қайырқомлық қаржылары есабынан	2026-жыл апрель май июнь Шәртнама мүддетлери тийкарында	Министрлер Кеңеси (В.Жоллыбеков), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

2. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўына грант жойбарларын тартыў илажлары					
2.	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелеринде **грантлар**ды жеңип алыў жумысларын еледе жетилистириў.	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелерине **грантларды тартыў** ушын **JICA, KOICA, ПРООН, ЮНФПА ҳәм ФАО қоспа бағдарламалары, GIZ халықаралық шөлкемлери**не грант жойбарларын таярлаў ҳәм усыныў. Бунда: Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги; Бозатаў, Мойнақ районлары бөлимлери ҳәр бири 72 мың доллар; Кегейли, Тахтакөпир, Тақыятас, Шоманай, Қанлыкөл, Қараөзек, Нөкис районлары бөлимлери ҳәр бири 97 мың доллар; Нөкис қаласы ҳәм Әмиўдәрья, Беруний, Шымбай, Төрткүл, Қоңырат, Елликқала, Хожели районлары бөлимлери ҳәр бири 100 мың доллар; Нөкис қаласы ҳәм районларда жайласқан 735 улыўма орта билим бериў мектебиниң ҳәр бири 4,5 мың доллар муғдарында, 490 мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминиң ҳәр бири 3 мың доллар муғдарында грант жойбарларын жеңип алыў.	7 млн. 100 мың доллар грантлар қаржылары 700 мың доллар 144 мың доллар 679 мың доллар 800 мың доллар 4 млн. 777 мың доллар	Ҳәр шеректе	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

3. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўына илимий жаңалық *(Қарақалпақстан тәжирийбеси)* **киргизиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар**					
3.	Беруний район мектеплериниң билим сапасын арттырыў бойынша **«Билимлендириў альянсы»** платформасын иске түсириў.	Беруний районы ҳәкимлиги менен тастыйықланған қоспа қарар тийкарында: 1. Электрон системаны ислеп шығыў ҳәм сынақтан өткериў; 2. Қарақалпақстан Республикасы – Бухара – Сурхандәрья ўәлаятлары арасында бирге ислесиў меморандумын имзалаў; 3. Қарақалпақстан Республикасындағы барлық **735** улыўма билим бериў мектеплерине енгизиў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева) Беруний районы ҳәкимлиги (И.Хидиров)
4.	Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде билимлендириў сапасын еледе раўажландырыў мақсетинде **шет ел тәжирийбелеринен пайдаланыў**.	1. Нөкис қаласындағы 53-санлы мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминде Қубла Кореяның **KOICA** халық аралық бирге ислесиў агентлиги менен биргеликте алып барып атырған **«Ойынға бағдарланған тәлим ҳәм тәрбия»** жойбары шеңберинде тәжирийбе жумысларын алып барыў; 2. Өтерилген тәжрийбе жумысларын үйрениў ҳәм ҳәр бир қала ҳәм райондағы 1 (бир) мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминде ен жайдырыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл февраль сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
5.	Төрткүл районында улыўма билим бериў мектеплеринде **билимлендириўдиң сапасын арттырыў** бойынша анық ис-илажларды әмелге асырыў.	Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң **«Төрткүл районындағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде**	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги

		билимлендириўдиң сапасы ҳәмде мазмунын едеде арттырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы буйрығы жойбарын ислеп шығыў ҳәм министрликке усыныў. **Бунда:** 11-класс питкериўшилериниң жоқары оқыў орнына кириў көрсеткишин 18,0% ке жеткериў; мектеплердиң жоқары категориялы муғаллимлер менен тәмийинлениўин 12,1% ке, биринши категориялы муғаллимлер менен тәмийинлениўин 21,6% ке жеткериў; оқытыўшылардың миллий ҳәм халықаралық сертификатлар менен тәмийинлениўин 15,0% ке; 8-11-класс оқыўшыларының сертификат алыў дәрежесин 6,0% ке жеткериў; Оқытыўшылардың алдыңғы ис-тәжирийбесин район көлеминде 250 ге, Қарақалпақстан көлеминде 150 ге, Өзбекстан көлеминде 80 ге жеткериў.		декабрь декабрь декабрь декабрь декабрь	(Г.Кожабаева), Төрткүл районы ҳәкимлиги (И.Худайбергенов)
6.	Мектеп муғаллимлериниң **«Сабақ бөлистириўи бойынша электрон мониторинг системасы»**н ислеп шығыў.	1. Жойбарды әмелге асырыў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў. Бунда: Системада ҳәр бир муғәллимниң мийнет жолы, жетискенликлери, маманлық дәрежеси ҳәм олимпиада нәтийжелери тийкарында автоматикалық рейтинг балларын қәлиплестириў;	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь май	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		2. Kkbilimlendiriw.uz платформасында арнаўлы бет ашыў; Бунда: Сабақ саатлары бөлистирилиўин усы рейтинг тийкарында электрон тәризде әмелге асырыў ҳәм барлық қатнасыўшылар ушын ашық-айдын көринисте усыныў. 3. Платформаға киритилген нәтийжелери бойынша үйрениў жумысларын алып барыў ; Бунда: Ҳәр бир қарар ушын түсиндирме ҳәм тийкарлаў бөлеги мәжбүрий түрде киргизилиўи, бул арқалы жуўапкер шахслардың жуўапкершилиги арттырыў.		сентябрь	
7.	**«Аўла мектеп»** жойбарын даўам еттириў.	1. «Аўла мектеп» жойбары бойынша буйрық ҳәм баҳалаў критерияларын ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў; 2. Платформаға мектеплер кесиминдеги мағлыўматлар базасын турақлы түрде жаңалап барыў; 3. Жыл жуўмағы менен мектеплер рейтингин жәриялаў ҳәм 6 топар бойынша жеңимпаз болған мектеп басшыларын сыйлықлаў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Ҳәр шеректе декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
8.	Улыўма орта билим бериў мектеплеринде **«Телефонсыз мектеп»** жойбарын әмелге асырыў.	1. «Телефонсыз мектеп» жойбары Режесин ислеп шығыў; 2. «Телефонсыз мектеп» жойбарын Нөкис қаласы 55-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде тәжриййбе сынаў жумысларын баслаў;	Смета қәрежетлери есабынан	2026-жыл январь февраль	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		Бунда: Жойбар шеңберинде керек болған қәрежетлер-сметасын ислеп шығыў; Ана-аналар ҳәм оқыўшылар арасында түсиндириў жумысларын алып барыў. 3. «Телефонсыз мектеп» жойбары әмелге асырылған мектеплерде орайласқан қалалық телефон тармағын жолға қойыў. 4. Тәжрийбе сынаў жумысларының нәтийжелери бойынша тийисли улыўма орта билим бериў мектеплеринде жолға қойыў бойынша министрликтиң буйрығын ислеп шығыў.		март декабрь	
4. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўын санластырыў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар					
9.	Улыўма орта билим бериў мектеплериниң **1-классларына оқыўшыларды онлайн қабыллаўды** басқышпа-басқыш шөлкемлестириў.	1. Жаңадан 1-классқа оқыўшыларды онлайн тәризде қабыллаў процесслерин жолға қойып атырған аймақларда түсиндириў бойынша семинарлар шөлкемлестириў; 2. 2026-2027-оқыў жылында 1-классқа онлайн қабыллаў бойынша район (қала) ҳәкимликлери менен биргеликте микро аймақларды хатлаўдан өткериў; Бунда: 1-классқа қабыл етиў ушын ҳүжжет тапсырып атырған балалардың ата-аналарының жасаў мәнзилиндеги прописка дәўирлерине итибар қаратыў. 3. Жаңа оқыў жылынан баслап **7** райондағы **279** мектепте 1-классқа	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл май июль август	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Әмиўдәрья, Кегейли, Қараөзек, Қанлыкөл, Тақыятас, Хожели, Шоманай районлары ҳәкимликлери

		оқыў жасындағы балаларды онлайн тәризде қабыллаў процесслерин жолға қойыў. Бунда: Әмиўдәрья районында 86, Кегейли районында 40, Қараөзек районында 33, Қанлыкөл районында 24, Тақыятас районында 22, Хожели районында 42, Шоманай районында 32 мектеп.			
10.	Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде **азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў** ҳәм **коррупцияның алдын алыў** ушын автоматластырылған системаны иске түсириў.	Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде артықша тәрбияланыўшыларды қабыллаўдың алдын алыў, тәрбияшылардың қопал мүнәсибетте болыўының алдын алыў, балаларға ажыратылған азық-аўқат өнимлерин қадағалаў ушын автоматластырылған система ислеп шығыў ҳәм иске түсириў илажларын көриў.	Смета қәрежетлери есабынан	2026-жыл II шерек	Министрлер Кеңеси (Б.Отемуратов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Санлы технологиялар министрлиги аймақлық секторы (Т.Баекеев)
11.	Нөкис қаласындағы 55-санлы улыўма орта билим бериў мектеби базасында **IT бойынша** заманагөй **кәсипге бағдарланған оқыў** курсларын жолға қойыў.	1. **IT бойынша** заманагөй **кәсиплерге бағдарланған оқыў** курсларының бағдарламасын ислеп шығыў; 2. Оқыўшылардың қызығыўшылығы тийкарында оқыў курслардың өтилиўи бойынша реже-график ислеў; Бунда, оқыўшылар қызығыўшылығынан келип шығып **5 бағдар** *(IT,*	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		Робототехника, 3D моделлестириў, Графиг дизаин ҳәм медиа) бойынша оқыў курсларын шөлкемлестириў. 3. Жойбарды республика аймақларында кеңнен үгит-нәсиятлаў; 4. Қызығыўшы оқыўшылардың дизими қәлиплестирип оқытыў ҳәм оларға сертификат бериў.		март	
12.	**«Алмазар тәжирийбеси»** тийкарында Республиканың ҳәр бир район (қала)да 1 мектепте **«Инженерлик лаборатория»** ханасын шөлкемлестириў (*VR технологиясы, Робототехника, 3D моделлестириў).*	1. **«Алмазар тәжирийбеси»** тийкарында ҳәр бир район (қала)нан 1 мектептен таңлап алыў; 2. Инженерлик лаборатория ханасына зәрүр үскенелер менен тәмийинлеў бойынша қәрежетлер сметасын ислеп шығыў; 3. Зәрүр үскенелер менен тәмийинлеў ҳәм иске түсириў.	Жергиликли бюджеттиң қосымша дәреклери ҳәм қәўендерлик қаржылары	2026-жыл январь март сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Экономика ҳәм финанс министрлиги (Н.Ерлепесов)
13.	**«Санлы әўлад қызлары»** шеңберинде жаңа таңлаўлар шөлкемлестириў.	1. Таңлаўды өткериў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. Жойбарды барлық район (қала) улыўма орта билим бериў мектеплеринде үгит-нәсиятлаў; 3. Таңлаўдың район (қала)лық басқышларында жеңимпаз болған оқыўшылардың арасында Қарақалпақстан Республикасы басқышын өткериў; 4. Таңлаў жеңимпазларын Өзбекстан Республикасы басқышына таярлаў ҳәм оқыў семинарлар шөлкемлестириў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь январь февраль август	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

14.	Мектеплерде оқыўшы жасларды жаңа инновация ҳәм хабар технологияларына үйретиў мақсетинде шөлкемлестирилген **IT бағдарында дөгерек** жумысларын қадағалап барыў мақсетинде kkbilimlendiriw.uz платформасында өз алдына арнаўлы бет иске түсириў.	1. Барлық **735** улыўма орта билим бериў мектеплеринде **IT** дөгереклер шөлкемлестириў бойынша түсиник жумысларын алып барыў; 2. Министрликтиң kkbilimlendiriw.uz платформасында өз алдына IT дөгереклерди бақлап барыўшы жаңа web бет ашыў; 3. Шөлкемлестирилген IT дөгереклер бойынша мағлыўматларды арнаўлы платформаға өз ўақтында киритип барыўды түсиндириў; 4. Тийисли жумыслардың нәтийжеси бойынша платформада web бетти иске түсириў.	Смета ҳүжжетлери тийкарында	2026-жыл февраль март апрель май	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
5. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўына жасалма интелектти енгизиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар					
15.	**«100 жасалма интеллект менторлары»** жойбарын әмелге асырыў.	1. Жойбар шеңберинде ҳәр бир аймақтан қамтып алынатуғын Информатика пәни оқытыўшыларының дизимин қәлиплестириў. (Бунда: *Әмиўдәрья районы-10, Беруний районы-6, Бозатаў районы-2, Шымбай районы-6, Елликқала районы-6, Кегейли районы-6, Мойнақ районы-5, Нөкис қаласы-6, Нөкис районы-6, Қоңырат районы-5, Қанлыкөл районы-6, Қараөзек районы-6, Шоманай районы-3, Тақыятас районы-10, Тахтакөпир районы-6, Төрткүл районы-5, Хожели районы-6).* **2.** «Жаңа Өзбекстан» университетинде **100** информатика	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Ҳәр шеректе	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		пәни муғаллимлерин Массачусец технология институтының жасалма интеллект оқыў бағдарламасы тийкарында кәсиплик раўажландырыў ҳәм ментор сыпатында таярлаў; 3. Тастыйықланған дизим тийкарында тренер-оқытыўшыларды таярлаў жумысларын әмелге асырыў. 4. Оқыў курсларын тамамлаған тренерлер тәрепинен оқытыўшылар ҳәм тыңлаўшылар ушын оқыў қолланбаларын ислеп шығыў; 5. Тренер-оқытыўшылар тәрепинен информатика муғаллимлерин оқытыўды жолға қойыў.		май III шерек сентябрь	
16.	**«Бес миллион жасалма интеллект жетекшилери»** жойбарын кеңейтиў.	1. **«Бес миллион жасалма интеллект жетекшилери»** жойбарын әмелге асырыў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. Жойбарды кеңнен үгит-нәсиятлаў арқалы жойбарға қамтыў; Бунда: Қарақалпақстан Республикасы бойынша **20 мың** оқыўшының қатнасыўын тәмийинлеў (*Бозатаў, Шоманай, Мойнақ Қанлыкөл, Тахтакөпир, Қараөзек, Нөкис районы бөлимлери ҳәр бири **500** оқыўшы;* *Шымбай, Кегейли, Хожели, Тақыятас районы бөлимлери ҳәр бири **1 000** оқыўшы;*	Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджети, грантлар, қәўендерлик қаржылары	2026-жыл январь февраль ҳәр шеректе	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Санлы технологиялар министрлиги аймақлық секторы (Т.Баекеев)

		*Әмиўдәрья, Беруний, Төрткул, Қоңырат, Елликқала, районы бөлимлери ҳәр бири **2 000** оқыўшы ҳәм Нөкис қаласы **2 500** оқыўшы*). 3. Жыл жуўмағы бойынша ең жоқары нәтийже көрсеткен оқыўшы жаслар, муғәллимлер ҳәм билимлендириў шөлкемлерин хошаметлеў.		декабрь	
17.	**«Жасалма интеллект мектеби»** жойбарын әмелге асырыў.	1. **«Жасалма интеллект мектеби»** жойбарын әмелге асырыў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. «Жасалма интеллект» бойынша билимлендириў платформасын иске түсириў; 3. Билимлендириў платформасы арқалы мектеп оқыўшылары ушын жасалма интеллект бойынша онлайн курсларда билим алыў имканиятын жаратыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь сентябрь октябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Санлы технологиялар министрлиги аймақлық секторы (Т.Баекеев)
18.	Министрликтиң **жасалма интелект**ин жаратыў.	1. Жасалма интелекттен мақсетли пайдаланыў бойынша үйрениў жумысларын алып барыў; 2. Билимлендириў тараўында әмелге асырылып атырған жумысларды социаллық тармақларда жәриялап барыў ушын «Перизат» атлы жасалма интелект баслаўшысын жаратыў ҳәм иске қосыў; 3. Оқыўшылар арасында шахматты раўажландырыў мақсетинде министрликтиң «Ҳакимбек» атлы жасалма интелект шахматшысын жаратыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль февраль	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева),

6. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелеринде IT тараўын жетилистириў					
19.	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери жанында шөлкемлестирилген **IT резидент**лердиң жумысларын еледе жетилистириў.	1. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери жанында шөлкемлестирилген IT резидент-лердиң режесин тастыйықлаў; 2. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери басшы ҳәм хызметкерлериниң IT ҳәм жасалма интеллект бойынша оқыўын жолға қойыў; 3. Шет елде ислеўши улыўма орта билим бериў мектеплери питкериўшилер менен бирге ислесиў жумысларын әмелге асырыў ҳәм сол тийкарында экспорт көлемин асырыў; 4. Резидентлердиң ишки хызметлери көлемин **600 млн.** сўм ҳәм экспорт көлемин **100 мың** долларға жеткериў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Ҳәр шеректе Ҳәр шеректе декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
20.	IT тараўы бойынша **дәрамат таўып атырған мектеп** оқыўшылар *(Freelance)* санын асырыў.	1. **«30 күн 1 хызмет»** жойбары шеңберинде IT тараўына қызығыўшы мектеп оқыўшылары арасынан қәбилетлилерин сайлап алыў. 2. Мектеп оқыўшылары ушын туўры келетуғын жөнелислер бойынша квота белгилеў. Бунда: Web, Design, AI, SMM, Freelance ҳәм басқада бағдарларды белгилеп алыў. 3. Дәрамат таўып атырған оқыўшылар дизимин қәлиплестириў ҳәм оларды басқа оқыўшылар қатнасында семинар-тренинглар шөлкемлестирип барыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль Ҳәр шеректе	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

7. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги ҳәм “Ўзбеккосмос” агентлиги менен биргеликте әмелге асырыў белгиленген илажлар					
21.	«Жас инженер» ИТ, инженерлик, космослық технологияларға байланыслы **жойбар** ҳәм **стартаплар** таңлаўын шөлкемлестириў.	1. «Жас инженер» жойбарын әмелге асырыў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. Жойбарды кеңнен үгит-нәсиятлаў ҳәм таңлаўды өткериў; 3. Таңлаўда жоқары нәтийжелерге ерискен оқыўшыларды хошаметлеў ҳәмде таңлаўдың Республика басқышында қатнасыўын тәмийинлеў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл февраль март декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
22.	«Өзбеккосмос» агентлиги менен биргеликте Робототехника, астрономия ҳәм киши жасалма жолдасларды жаратыўға қәнигелестирилген қысқа мүддетли **“Cosmic Camp” жазғы космослық дем алыў орны** бағдарламаларын шөлкемлестириў.	1. «Өзбеккосмос» агентлиги менен келисилген ҳалда “Cosmic Camp” жазғы космослық дем алыў орайы режелерди тастыйықлаў. 2. Реже тийкарында Қарақалпақстан Республикасы дем алыў орынларына енгизиў бойынша дизим қәлиплестириў. 3. “Cosmic Camp” жазғы космослық дем алыў орайы бағдарламаларын дизим бойынша шөлкемлестириў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жил апрель. май сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
23.	Космослық жумысқа қызығыўшылықты ғалаба ен жайдырыў мақсетинде **Халықаралық космослық ҳәптелик**ти шөлкемлестириў.	1. Халықаралық космослық ҳәптелик шеңберинде шөлкемлестир-илетуғын илажлар дизимин қәлиплестириў. 2. Халықаралық космослық ҳәптелик шеңберинде шөлкемлестирилетуғын илажларды өткериў орнын белгилеў. 3. Халықаралық космослық ҳәптелигин өткериў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жил август сентябрь. октябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

24.	Аэрокосмослық тараўды раўажландырыў мақсетинде «Өзбеккосмос» агентлиги тәрепинен шөлкемлестирилген студентлер ҳәм қәнигелер ушын жердеги процесслерди таллаў мақсетинде жасалма жолдас мағлыўматларынан пайдаланыў бойынша **қысқа мүддетли оқыў курслар**ын шөлкемлестириў.	1. Оқыў курсларында қатнасатуғын оқыўшылар ҳәм қәнигелердиң дизимин қәлиплестириў. 2. «Өзбеккосмос» агентлиги менен биргеликте жасалма жолдаслардан алынған мағлыўматлардан пайдаланыў бойынша оқыў курсларын шөлкемлестириў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл сентябрь декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
25.	Жаслардың қатнасыўында жулдызлар ҳәм планеталарды бақлаўға бағышланған **“Ашық аспан кешелери”** илажын Мойнақ районында шөлкемлестириў.	1. Илаждың режесин ислеп шығыў. 2. Илаж қатнасыўшыларының дизимин қәлиплестириў. 3. Илажды шөлкемлестириў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл март май декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
II. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелеринде билимлендириўдиң сапасын жаңа басқышларға алып шығыў илажлары					
26.	Улыўма орта билим бериў мектеплерин **сабақлықлар** менен тәмийинлеў.	1. Улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапханаларын қайта хатлаўдан өткериў; 2. 2026-жылға зәрүр болған сабақлықлар ушын Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигине **буйыртпа бериў**; 3. Мектеплердеги билим бериў қарақалпақ тилинен басқа тиллерде алып барылатуғын 3-4-класслар ушын **«Қарақалпақ тили»** (мәмлекетлик тил) пәни сабақлығын жергиликли бюджет есабынан тәмийинлеў;	Қаржы талап етилмейди Қаржы талап етилмейди Жергиликли бюджет есабынан	2026-жыл июль ноябрь ноябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева) Экономика ҳәм финанс министрлиги (Н.Ерлепесов)

		4. 7-класлар ушын **«Қарақалпақстан тарийхы»** ҳәм 8-класлар ушын **«Қарақалпақстан географиясы»** пәни сабақлықларын Мәмлекетлик бюджет есабынан басқышпа-басқыш баспадан шығарылыўын тәмийинлеў.	Өзбекстан Республикасы бюджети қаржылары	ноябрь	
27.	Улыўма орта билим бериў мектеплери арасында **«Ең жақсы шет тили мектеби» көрик таңлаўын** өткериў. *(Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-сентябрьдеги 562-санлы қарары).*	1. **«Ең жақсы шет тили мектеби»** таңаўын өткериў бойынша буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. Таңлаўдың районлық (қалалық), Қарақалпақстан Республикасы басқышларын өткериў; 3. Республика басқышына жоллама алған мектеп командасын таңлаўда мүнәсип қатнасыўы ушын тренер-оқытыўшылар менен биргеликте таярлаў.	Жергиликли бюджет қаржылары	2026-жыл февраль март август	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
28.	Нөкис қаласы 55-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде **Кембриж оқыў бағдарламасы тийкарында** оқыў жолға қойылған классларға оқыўшы-ларды қабыл етиў.	1. 2026-2027-оқыў жылы ушын Нөкис қаласы 55-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде **Кембриж оқыў бағдарламасы тийкарында** оқыў жолға қойылған классларға оқыўшыларды қабыллаў ушын таңлаў жәриялаў; 2. Кириў имтиханлары ушын Қәнигелестирилген билимлендириў мәкемелери агентлиги менен биргеликте тест сынақларын өткериў; 3. Кембриж оқыў бағдарламасы тийкарында оқыў жолға қойылған классларды оқытыўшылары ушын Нөкис қаласы Президент мектебиниң	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл июль август Жыл даўамында	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		халықаралық тәжирийбеге ийе оқытыўшылары менен биргеликте методикалық жәрдем көрсетиў.			
29.	Билимлендириў мәкемелери арасында **«Шахмат» жарысларын** шөлкемлестириў.	1. Билимлендириў мәкемелеринде шахмат дөгереклерин шөлкемлестириў, оқыўшыларды қамтып алыў, шахмат ханаларын зәрүр инвентарлар, оқыў қолланбалары менен тәмийинлеўге тийисли болған қәрежетлер сметасын ислеп шығып қаржы ажратыў бойынша хат киритиў; 2. Билимлендириў мәкемелери оқыўшы ҳәм тәрбияланыўшылар арасында «Шахмат айлығы» ҳәм жарысларды өткериў реже грайигин ислеп шығыў ҳәм оны өткериў; 3. Дене тәрбия инструкторларының шахмат бойынша тәжирийбесин арттырыў; 4. Майыплығы болған балалар арасында жарысларды шөлкемлестириў.	Смета ҳүжжетлери тийкарында	2026-жыл январь апрель апрель апрель	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Шахмат федерациясы (П.Махсетбаев), Спорт министрлиги (Е.Кутыбаев)
30.	Улыўма орта билим бериў мектепларининң китапхана фондын қарақалпақ тилиндеги **әдебий китаплар** менен толықтырыў.	1. Өзбек ҳәм жәҳән балалар әдебиятынан (ертеклер) ибарат **10** атамадағы китаплар дизимин қәлиплестириў; 2. Тийисли баспаханалар менен биргеликте қарақалпақ тилине аўдармалаў; 3. Аўдармаланған әдебий китапларды басып шығарыў ушын тийисли баспаханалар менен бирге ислесиў.	Смета ҳүжжетлери тийкарында	2026-жыл февраль апрель май	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева) Экономика ҳәм финанс министрлиги (Н.Ерлепесов)

31.	Улыўма орта билим бериў мектеплери оқытыўшылары арасында **«6-Дөретиўши оқытыўшылар олимпиадасы»**н шөлкемлестириў.	1. **«Дөретиўши оқытыўшылар олимпиадасы»ның** буйрық ҳәм режелерин ислеп шығыў; 2. Улыўма орта билим бериў мектеплери оқытыўшылары арасында дөретиўши оқытыўшылардан ибарат командалық жарысларың район (қала)лық басқышларын өткериў; 3. **«Дөретиўши оқытыўшылар олимпиадасы»**н Республикалық басқышын өткериў ҳәм жеңимпазларды сыйлықлаў.	Смета ҳүжжетлери тийкарында	2026-жыл январь апрель май	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
32.	Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин қол өнери бойынша ислеп шығылған **ҳәр түрдеги ойыншықлар** менен тәмийинлеў.	1. Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде шөлкемлеринде тәжрийбели болған тарбияшылар арасынан мастер тренерлер сайлап алынады; 2. Қол өнери бойынша ислеп шығылған ҳәр түрдеги ойыншықлар көргизбели материаллар жаратыў бойынша қолланбалар жаратыў; 3. Сайлап алынған мастер тренерлердың қол өнери бойынша ислеп шығылған ҳәр түрдеги ойыншықлар, көргизбели материалларды жаратыў бойынша тәжрийбесин барлық мектепке шекемги шөлкемлерде әмелге асырыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл февраль апрель июнь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
33.	Мәмлекетлик емес мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери хызметкерлериниң **қәнигелигин арттырыў**.	1. 2026-жылда қәнигелигин арттырыўы белгиленген 25 улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм 243 мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери хызметкерлериниң	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў

		қәнигелигин асырыў курсларына барыў бойынша реже-графигин ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў; 2. Реже-график тийкарында Педагогикалық шеберлик орайларында мәмлекетлик емес мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери хызметкерлериниң оқыўға жибериў илажларын көриў; 3. Жыл жуўмағы бойынша режеде белгиленген мәмлекетлик емес мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелери хызметкерлериниң сертификатқа ийе болыўын анализлеў.		Ҳәр шеректе декабрь	министрлиги (Г.Кожабаева)
34.	Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде **айырым категориядағы оқыўшыларды** сабақтан кейинги қосымша билим бериўге тартыў илажларын әмелге асырыў.	1. Қосымша дөгереклерге тартылатуғын оқыўшылар дизимин қәлиплестириў, 2026-жыл ушын реже-графигин ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў; 2. Дөгерек хызметлерин усыныс етиўши шөлкемлер жумысын белгилеп алыў ҳәм исбилерменлер менен ислесиў бойынша арнаўлы платформаға мағлыўматларды киритип дөгерек жумысларды баслаў; 3. Жыл жуўмағы бойынша көрсетилген хызметлер ушын есап-санақ жумысларын алып барыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

III. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў мәкемелериниң инфраструктурасын жақсылаў, дурыс аўқатланыўды шөлкемлестириў, материаллық-техникалық базасын беккемлеў илажлары					
35.	**Халықаралық банклердиң қаржылары** есабынан 2025-жылда қурылыс-оңлаў жумыслары басланған **35** объектти *(**30** улыўма орта билим бериў мектеби, **6** мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми)* пайдаланыўға тапсырыў жумысларын әмелге асырыў.	1. Қурылыс-оңлаў жумысларының жойбар-смета ҳүжжетлери тийкарында әмелге асырылыўын қадағалаў; 2. Қурылыс-оңлаў жумыслары шәртнамада белгиленген мүддетлерде жуўмақлаў; 3. Объектлерди қабыл етиў ҳәм пайдаланыўға тапсырыў.	212 млрд. сўм, Ислам раўажланыў банки қаржылары есабынан	Ҳәр шеректе Ҳәр шеректе Шәртнамада белгиленген мүддетлерде	Министрлер Кеңеси (Ф.Эрманов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева) Әмиўдәрья, Беруний, Төрткүл, Тақыятас, Елликқала ҳәм Нөкис районлары ҳәкимликлери
36.	Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерине 3 жастан 7 жасқа шекемги **балаларды қамтып алыў дәрежеси**н 84 процентке көтериў.	1. Мәмлекетлик бағдарламалар тийкарында **3** мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин жаңадан қурыў, **8** мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин реконструкциялаў; 2. **3** жеке меншик, **4** мәмлекетлик-жеке шериклик ҳәм **144** шаңарақлық мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин шөлкемлестириў; Бунда: мектепке шекемги жастағы балаларды қамтып алыў көрсеткиши төмен болған мәҳәллелерди анықлаў;	Қаржы талап етилмейди	Ҳәр шеректе Ҳәр шеректе Ҳәр шеректе	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		исбилерменлер менен ушырасыўлар өткериў ҳәм түсиндириў жумысларын алып барыў; қәлеўши талабанлар менен мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин ашыў бойынша ҳужжетлерди таярлаў ҳәм иске түсириў илажларын көриў. Жыл даўамында жәми **162** жаңа мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес мектепке мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин шөлкемлестириў ҳәм реконструкция-лаў арқалы қамтып алыў дәрежесин **84** процентке жеткериў.		2026-жыл декабрь	
37.	Жеке меншик улыўма билим бериў мектеплери тармағын кеңейтиў ушын **6 жеке меншик мектеп** шөлкемлестириў.	1. Исбилерменлер менен ушырасыўлар өткериў ҳәм түсиндириў жумысларын алып барыў; 2. Қәлеўши талабанлар менен мектеплер шөлкемлестириў бойынша имаратларды анықлаў ҳәмде тийисли ҳужжетлерди таярлаў ҳәм усыныў; 3. Белгиленген талаплар тийкарында жеке меншик мектеплерди иске түсириў илажларын көриў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл I шерек II шерек Сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
38.	Аймақлардағы **курылыс-оңлаў жумысларына мүтәж болған улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде** шараятларды жақсылаў илажларын көриў.	1. Аймақлардағы курылыс-оңлаў жумысларына мүтәж болған улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин хатлаўдан өткериў; 2. Хатлаў нәтийжеси бойынша шараяты төмен болған мектеплер бойынша есап-китаплар ислеп шығыў ҳәм Жоқарғы Кеңеске усыныў;	Жергиликли бюджет қаржылары	2026-жыл февраль март	Министрлер Кеңеси (Т.Юсупов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		3. Таңлап алынған улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде қурылыс-оңлаў жумысларын әмелге асырыў.		апрель-август	
39.	Алыс ҳәм шетки аймақлардағы улыўма билим бериў мектеплерине қатнаўшы балаларға қолайлы шараятлар жаратыў ушын **автобуслар менен тәмийинлеў**.	1. Алыс ҳәм шетки аймақлардағы улыўма билим бериў мектеплерине қатнаўшы балалардың дизими ҳәм жасаў мәнзиллерин қәлиплестириў ҳәмде автобусқа болған мүтәжликти анықлаў; 2. Мүтәжликтен келип шығып, қәўендерлик қаржылары есабынан мектеплерди автобуслар менен тәмийинлеў илажларын көриў.	Қәўендерлик қаржылары	2026-жыл февраль сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
IV. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўын раўажландырыў бойынша өсиў көрсеткишлери					
40.	2026-2027-оқыў жылында **жаңа баҳалаў енгизилген мектеплер** санын 350 мектепке асырыў, орташа балл көрсеткишин 28,3 баллға жеткериў (2025-2026-оқыў жылында 234 мектеп, орташа балл 27,1 балл).	1. Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигине таңлап алынған 116 мектеплерди жаңа баҳалаў системасын енгизиў ушын усыныс киритиў; 2. Әмелдеги жаңа баҳалаў енгизилген 234 мектеплерге жаңадан қосылатуғын 116 мектеплерге әмелий ҳәм методикалық жақтан жәрдем көрсетиў мақсетинде реже-графигин ислеп шығыў тастыйықлаў; 3. Жаңа баҳалаў системасы жаңадан қосылатуғын 116 мектеплерге қәнигелестирилген мектепдиң тренер-оқытыўшыларын ҳәмде Республикалық педагогикалық	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл март август сентябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		шеберлик орайы методистлери тәрепинен оқыў семинарларын шөлкемлестириў.			
41.	2025-2026-оқыў жылында **жоқарғы оқыў орынларына кириў көрсеткиши**н 4-орын 82-баллға жеткериў (2024-2025-оқыў жылда 5-орын 81,5 балл).	1. 2025-2026-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мектеп питкериўшилериниң дизимин қәлиплестириў; 2. Жоқары оқыў орнына кириў көрсеткиши төмен болған мектеплерди кириў көрсеткиши жоқары болған мектеплерге бириктириў ҳәм питкериўши класс оқыўшыларының миллий ҳәм халықаралық сертификат алыў бойынша тийисли жумысларды алып барыў; 3. Улыўма билим бериў мектеплеринде мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына тапсырыўда қызығыўшылығына қарап қәнигеликлерине бағдарлаў бойынша түсиндириў жумысларын алып барыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь февраль май	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
42.	«Келешек орай»ларында шөлкемлестирилетуғын **дөгереклерге оқыўшыларды қамтыў көрсеткишин** 1,8 пайызға арттырыў.	1. «Келешек орай»ларының жумыслары менен таныстырыў мақсетинде социал тармақларда шақырықлар дағазалаў, оқыў семинарларын шөлкемлестириў. 2. Улыўма орта билим бериў мектеплерине барып дөгереклерге қызығыўшы оқыўшылар дизимин қәлиплестириў ҳәм оларды ата-аналары менен бирге «Келешек орайы»на мирәт етиў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Жыл даўамында	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		3. Ҳәр шерек даўамында бир мәрте ашық есиклер күнин, дөгереклер көргизбелерин ҳәм пресс турлар шөлкемлестириў.		Ҳәр шеректе	
43.	Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 9-класс **питкериў-шилерин техникумларға тартыў көрсеткишин** 2026-жылда 31 процентке жеткериў (2025-жылда 27,1%).	1. Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 9-класс питкериўшилери арасында сораўнама өткериў; 2. Техникум хызметкерлери менен биргеликте 9-класс питкериўшилери ҳәм олардың ата-аналары арасында үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў; 3. Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 9-класс питкериўшилерин техникумларға қамтып алыў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл март апрель август	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
44.	Биринши **категориялы муғаллимлер үлесин** 21,1 проценттен 24,1 процентке асырыў бойынша тийисли илажларды көриў.	1. Қарақалпақстан Республика-сындағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде қәниге ҳәм II категориялы пән муғәллимлериниң дизимин қәлиплестириў; 2. Республикалық билимлендириў орайы методистлери тәрепинен пәнлер кесиминде тест материалларын таярлаў, қәниге ҳәм II категориялы мүғаллимлерден мәнзилли диагноз-тикалық тест алыў, анықланған бослықлар бойынша онлайн ҳәм офлайн семинарларын өтиў; 3. Биринши категориялы муғаллимлер үлесин асырыў мақсетине «Пидәйы устазлар – бирден-бир	Қаржы талап етилмейди Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Ҳәр шеректе 2026-жыл октябрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		мақсетке қарай» таңлаўын Қарақалпақстан Республикасы көлеминде өткериў.	Таярланған смета жойбары тийкарында		
45.	2026-2027-оқыў жылында шет тилерди раўажландырыў мақсетинде **30 шет еллик қәнигелерди** улыўма орта бериў мектеплерине бириктириў.	1. Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигине шет еллик қәнигелерге болған зәрүрлик бойынша усыныс хатын киритиў; 2. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде шет тиллерин раўажландырыў мақсетинде жетип келген шет еллик қәнигелерди нәтийжели жумыс алып барыўы ушын қолайлы шараятларды жаратыў; 3. Жетип келген шет еллик қәнигелерди анықланған зәрүрлик тийкарында улыўма билим бериў мектеплерине жайластырыў, оқыў саатларын, дөгереклер ҳәмде мастер-классларын өтиў бойынша графиклерин ислеп шығыў ҳәм жумыс алып барыўын қадағалаў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл июнь 2026-жыл ноябрь Ҳәр шеректе	Министрлер Кеңеси (Б.Отемуратов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Нөкис қаласы ҳәм районлар ҳәкимликлери
46.	**Ең жақсы шет тили мектеби таңлаўының** Өзбекстан Республикасы басқышында кеминде күшли бесликке кириў.	1. Ең жақсы шет тили таңлаўы бойынша шет еллик қәнигелер жәрдеминде оқыўшылардың сөйлеў ҳәм жазыў көнликпелерин раўажландырыў; 2. Ең жақсы шет тили таңлаўының район (қала)лық басқышын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм өткериў; 3. Ең жақсы шет тили таңлаўының Қарақалпақстан Республикасы	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь март апрель	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		басқышын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм өткериў; 4. Ең жақсы шет тили таңлаўының Қарақалпақстан Республикасы басқышында жеңимпаз болған мектеп командасының Өзбекстан Республикасы басқышына таярлық көриўи ушын тәжирийбели шет тили пәни муғәллимлеринен ибарат таярлаў топарын дүзиў ҳәм таярлық режесин тастыйықлаў. 5. Қарақалпақстан Республикасы басқышында жеңимпаз болған мектеп командасының Өзбекстан Республикасы басқышында қатнасын тәмийинлеў.		август август	
47.	Улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери **басшы хызметкерлери қәнигеликлерин** арттырыў.	1. 2026-жылы қәнигелигин арттырыў белгиленген 145 улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм 105 мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери директорларының менеджерлик курсларына барыў бойынша реже-графигин ислеп шығыў; 2. А.Авлоний атындағы Педагогикалық шеберлик миллий институтына мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеплериниң директоры лаўазымына талабанларды оқыўға жибериў илажларын көриў; 3. Жыл жуўмағы бойынша режеде белгиленген улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь Ҳәр шеректе декабрь	Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

		билимлендириў шөлкемлери директорларының сертификатқа ийе болыўын анализлеў.			
V. Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў тараўында Республика дәрежесинде шешилиўи тийис болған машқалалы мәселелер					
48.	Улыўма билим бериў мектеплерин **«Қарақалпақ тили» (мәмлекетлик тил) сабақлығы** менен тәмийинлеў.	1. Улыўма билим бериў мектеплеринде «Қарақалпақ тили» (мәмлекетлик тил) сабақлығына болған зәрүрликти класслар кесиминде анықлаў; 2. «Қарақалпақ тили» сабақлығының заманагөй педагогикалық технологиялар тийкарында электрон вариантын таярлаў илажларын көриў. 3. Таярланған сабақлықты баспадан шығарыў бойынша Жоқарғы Кеңеске усыныс киргизиў.	1,5 млрд. сўм	2026-жыл январь февраль-май Июнь	Министрлер Кеңеси (Н.Ерлепесов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
49.	«Алмазар районы тәжрийбеси» тийкарында ҳәр бир район ҳәм қалада кеминде 1 мектепте **«Инженерлик лаборатория»сын** шөлкемлестириў, оларды зәрур үскенелер менен тәмийинлеў *(ӨзР Президентиниң 2025-жыл 26-март ПП-61-санлы Пәрманы).*	1. Биринши басқышта Қоңырат районында «Алмазар районы тәжрийбеси» тийкарында 1 мектепте «Инженерлик лаборатория»сын шөлкемлестириў; 2. Екинши басқышта Нөкис қаласы ҳәм қалған районларда 1 мектепте «Инженерлик лаборатория»сын шөлкемлестириў илажларын көриў.	1 млрд. 350 млн. сўм 8 млрд. сўм	2026-жыл январь 2026-жыл даўамында	Министрлер Кеңеси (Н.Ерлепесов), Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)
50.	Жаңадан шөлкемлестирилген **“Мәртлик мектеп”лериниң оқыў-материаллық базасын беккемлеў** (*ӨзР Президентиниң 2024-жыл 15-ноябрдеги ПҚ-393-санлы қарары*).	1. Қорғаныў министрлиги тәрепинен усынылған техникалық талапларға муўапық жаңадан шөлкемлестирилген “Мәртлик мектеп”лериниң оқыў-	жергиликли бюджет қаржылары	2026-жыл январь	Министрлер Кеңеси (Н.Ерлепесов), Мектепке шекемги ҳәм

		материаллық базасын беккемлеўди хатлаўдан өткериў; 2. Хатлаў нәтийжелери бойынша анық есап-китапларды ислеп шығып, Жоқарғы Кеңеске усыныў.		февраль	мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева), Қорғаныў ислери басқармасы (И.Рахимов)
51.	Қарақалпақстан Республикасы Педагогикалық шеберлик орайында жайласқан **«Баҳалаў орайы»**н Нөкис қаласындағы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектебине көшириўди үйренип шығыў.	**«Баҳалаў орайы»**н көшириў мақсетинде Нөкис қаласындағы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң ески технология ханасында оңлаў жумысларын әмелге асырыў ушын есап-китапларды ислеп шығыў ҳәм Жоқарғы Кеңеске усыныс киргизиў.	Қаржы талап етилмейди	2026-жыл январь	Экономика ҳәм финанс министрлиги (Н.Ерлепесов) Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги (Г.Кожабаева)

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Социаллық-мәдений раўажланыў, жаслар сиясаты, туризм ҳәм жәмийетлик бирлеспелер мәселелери комитети баслығы **М.Атамуратов**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының жаслар сиясаты, социаллық раўажландырыў ҳәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасары **Б.Отемуратов**

Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министри **Г.Кожабаева**